


Joodkali Padmapuspita

# DASACARITA SATO WANANA



PERPUSTAKAAN NASIONAL RI



Balai Pustaka

# DASACARITA SATO WANA

dening

Joodkali Padmapuspita



PERPUSTAKAAN NASIONAL RI



Balai Pustaka

## **DASACARTA** sato wana

Ditertbitkan oleh  
Penerbitan dan Percetakan  
PT Balai Pustaka (Persero)  
Jalan Bunga No. 8-8A  
Matraman, Jakarta Timur 13140  
Tel/Faks. (62-21) 8.58.33.69  
Website. <http://www.balaipustaka.co.id>

BP No. 3433  
No KDT. 899.221  
Cetakan I: 1987

Penulis: Joodkali Padmapuspita  
Halaman: iv + 56, A5 (14,8 x 21 cm)  
EAN13: 978-979-407-066-6

Penata Letak: Agus Saffiri  
Perancang Sampul: Gepenk  
Penyunting: Kunti Suharli

---

### Undang-Undang Republik Indonesia Nomor 30 tahun 2002 tentang Hak Cipta Lingkup Hak Cipta

#### Pasal 2

1. Hak cipta merupakan hak eksklusif bagi pencipta atau Pemegang Hak Cipta untuk mengumumkan atau memperbanyak ciptaannya, yang timbul secara otomatis setelah suatu ciptaan dilahirkan tanpa mengurangi pembatasan menurut peraturan perundang-undangan yang berlaku.

#### Ketentuan Pidana

##### Pasal 7:

1. Barangsiapa dengan sengaja atau tanpa hak melakukan perbuatan sebagaimana dimaksud dengan Pasal 2 ayat (1) atau Pasal 49 ayat (1) dan ayat (2) dipidana dengan pidana penjara masing-masing paling singkat 1 (satu) bulan dan/atau denda paling sedikit Rp1.000.000,00 (satu juta rupiah) atau pidana penjara paling lama 7 (tujuh) tahun dan/atau denda paling banyak Rp5.000.000.000,00 (lima milyar rupiah).
2. Barangsiapa dengan sengaja menyiarkan, memamerkan, mengedarkan, atau menjual kepada umum suatu ciptaan atau barang hasil pelanggaran Hak Cipta atau Hak Terkait sebagaimana dimaksud pada ayat (1) dipidana dengan pidana penjara paling lama 5 tahun dan/atau denda paling bayak Rp500.000.000,00 (lima ratus juta rupiah).

# Purwaka

Juru sungging damel pepethan awujud gambar awit kasengsem endahing swasana utawi muyeking cariyos. Juru pahat mahya-kaken sengseming manahipun mawi sarana kajeng utawi sela temahan mawantah wujuding reca utawi wangun gambar dhedhasar sela ing lambunging candhi. Saking lambunging candhi lajerq lumuntur dhateng pustaka awujud reroncening basa. Kinten-kinten inggih makaten menika larah-larahipun Serat Dasacarita Sato Wana.

Ceplosipun serat menika dipun angggit saking sumber cariyol ingkang cinandhi wonten ing lambunging Candhi Mendut, kadhapuk mawi sekar dening Bapak Joodkali Padmapuspita. Gegambaran gesanging para sato wana dipun gelar mawi sekar Macapa tuwin lagon Walangkekek gagrag Surabayan. Cakepanipun sagec anyakup swasana, tur kenging kangge mbombong manah, sam mengku wasita panggulawenthah.

Balai Pustaka



## Pangkur Pambuka

1. *Pamedharing kang carita,*  
*dadya dongeng tinrap neng citrèng tulis,*  
*mawèh lipur tyas margiyuh,*  
*pustakanning pujangga,*  
*pinetha nèng talundhaging candhi Mendut,*  
*tatahan lir tatur rengga,*  
*nèng tembing tembok angrawit.*
2. *Jajar jinèjèr tinata,*  
*lalajuran pindha wayang sinimping,*  
*nanangi sengseming kalbu,*  
*tatananing carita,*  
*man anawung wewarah watak linuhung,*  
*sisaning klèsa mrih sirna,*  
*wardaya temah cipta-ning.*
3. *Kagubah kinarya kandha,*  
*wantahanè winardi mtinggwèng tulis,*  
*dadya macapat kang kidung,*  
*sajak niru pujangga,*  
*satuhuné mung anggak lagak kumlungkung,*  
*tunggu tibaning panyéda,*  
*galap gangsulung panulis.*
4. *Kurang luwihing ukara,*  
*thak-hukaning tembung datan patitis,*  
*ngawag ngawur sasar susur,*

yogya dèn-aksamakna,  
gyannya ngripta mung kadereng cipta cubluk,  
karya èsème sarjana,  
tan wrin wirang miwah isin.

# Cagak Golek Iwak

## *Tembang: Dhandhanggula*

1. Wuryaning rèh ginupita dadi, kidung kadung kadereng angripta, tangèh kretarta dadine, reridhu saya riwut, reregedé tyas anglimputi, drajat pangkat myang semat, angkara andarung, ngilangken jejereng janma, temah cipta rasa myang karsa wus henis, nir watak kang utama.
2. Amung asrah sumarah anggusti, maring bandha binandhung nèng nala, pangkat semu simpenané, drajat semu dènburu wuta tuli sasmita adi, driya kebak pangreka, tarékah tar hayu, wisiking Hyang Maha Esa, wus pinuntir kinarya lapis lalamis, napsu kang tan raharja.
3. Madeg sadu nanging amung lahir, amandhita lir pandhit Baka, suciné mung lamis baé, kinarya tutupipun, ati loba-mélik pakolih, bisa nuruti karsa, karsa tan rahayu, pindha padhané si Baka, manuk cagak kang réwa-réwa tetèki, nèng tengahing talaga.
4. Lir pandhita kang lagi semèdi, ambagegeg nèng madyaninl tirta, asuku tunggal pacaké, mripat mandeng mandhuwur pindha ngadhang turuning wisik, nugrahaning Hyang Sukma tuduh kang rahayu, kadya kusuk samadinya, jagad gedhl ginulung lan jagad alit, lir pandhita sunyata.
5. Iwak cilik ingkang wira-wiri, anèng ngarsa tan rinèwèsira saya suwé saya akèh, waderpari myang céthul, pating sliri rebut nèng ngarsi, mina gumun tyasira, déné cangakipun datan kadi sabenira, nyucuk iwak nothol precil saben ari ngumbar angkara murka.

6. Iwak sili nempuh byat nakoni, sabdanira ririh tur trapsila pindha matur mring guruné, "Kyahi aksamanipun, dene amba tyas kumawani, tetanya sababira, dene ta pukulun, tan arsa amangsa mina, béda adat kang wus kelampah sayekti, ulun jinarwanana. "
7. Kyahi Cagak datan mobah mosik, netra blalak guluné andhangak, mleleng lir wruh barang aèng, temah njegrik kang wulu, semunira wedi kepati, Sigra medhar wacana, "Adhuh mitraningsun, ingsun wus olèh sasmita, rawa iki bakal tinuba ing janmi, tinumpes minanira.
8. Nora wurung ingsun milu mati, yèn ngantia rawa tanpa mina, yekti kiyamat dadiné, mina-mina sadarum, samya bingung ajrih kepati, myarsa walla kiyamat, temah minta tulung, mring Kyahi Pandhita Baka, kinèn mindhah mring rawa lèn ingkang tebih, adoh jaruna manungsa.
9. Manuk Baka tyas marwatasiwi, énak-énuk bisa mangsa mina, nora nganggo ongal-angèl, wit mina rebut dhucung, minta sraya mring sang ayogi, ya sang Pandhita Baka, saksana abikut, nyucuk mina tan rekasa, wadhuk mlenthu wareg iwak gedhé cilik, tapis mina sakrawa.
10. Kari siji ingkang durung mati, yuyu ireng bengkerok thothoknya, sang Baka datan nyaruwé, jijik rasaning kalbu, yèn ta nganti cucukirèki, nggepok thothok bengkerok, wit kulinanipun, ngelus-elus kulit mina, alus lunyu pindha sutra kang linicin, cumiwel dagingira.
11. Ayun nyucuk yuyu krasa jijik, yèn tan nyucuk luwé wetengira, temahan metu akalé, sedyanira ing kalbu, yuyu arsa binekta maring, sela kang sumayana, yèn wus anèng ngriku, linumahken sedyanira, pasthi gampang si Baka bakal nikmati, daging kapithing ika.
12. Sabdanira mring yuyu amanis, pindha priya kang amriyem-bada, "Heh yuyu lah ta gé-agé, sun-pindhahken

sirèku, selak teka jalma kang juti, éman-éman ta sira, yèn nemahi lampus, nanging priyé prayoganya, rèhning cucuk wis kebanjur ngrasa jijik, nyénggol barang kang kasar.

13. Prayogané dhuh yuyu kang manis, amanuta tumindak kéwala, apa kang sun-paréntahké, nggandhula guluningsun, ingkang kenceng nanging yèn nyapit, alon-alon kewala, aywa kongsi ucul, ywa ngegèt panyapitira, yèn wus ana prentahku poma dèn-aglis, janggaku uwalana.
14. Yuyu kang wus wruh upaya sandi, mèsèsem-mèsèsem èsèsem lir kilang. "Dhuh Kyahi ta dèn-gé-agé, wonten kaparengipun, anglungaken jangganta aglis, darapon kawulanta, bangkil nyapit pengkuh, aywa sumelang ing driya, sun arahé dimèn datan krasa sakit, manda-manda kéwala.
15. Cinarita gulu cangak aglis, wus sinapit yuyu temahira, wiwitan mung ririh baé, ingarah rasanipun, manda-mande amakénaki, si Baka saya lena, liyer-liyer ngantuk, binanget-ken panyapitnya, pindha gunting gulu cangak tigas-pancing, gembung tumibeng kisma.

Sinengkalan: Ngeksi tunggal wenganing budi.

(Warsa Jawi)

Padha dongèngè, béda dhapukané

## Cagak Golek Iwak

*Tembang: Walangkèkèk utawa Kidungan céngkok Ludrug Surabayan*

1. Ana manuk, sabané rawa, manuk cagak tuwa umuré, marga tuwa, wis ra sembada, Otot kendho, ilang kiyengé.
2. Nyucuk iwak ra tau kena, nothol welut, marucut baé, dereng kenceng, ra na tenaga, judheg keplek, piyé carané.
3. Nemu akal, thok-ethok tapa, suku tunggal, ndhangak guluné, ngadeg jejeg nèng tengah rawa, mata mleleng ra na kedhèpé.
4. Ana iwak, ora dicandhak, ana welut, ora diglapé, iwak-iwak kabèh dha cagak, déné cagak, salin slagané.
5. Iwak céthul, sing rada gecul, takon cagak, apa sababé, ana iwak kok ra dithuthul, lah kok béda karo adaté.
6. Cagak kandha, mula ya béda, marga ngerti, ra bakal suwé, sasi ngarep kiyamat kobra, rawa tlağa disat banyuné.
7. Wong-wong désa wis dha siyaga, kepis ténggok wis dha digawé, icir wuwu, sèsèr lan jala, wis cumepak kari nggawané.
8. Cagak tanpa, wangsité déwa, kudu pindhah ngalih sabané, menyang tlağa, sing adoh jalma, pucak gunung, iku dunungé.
9. Iwak-iwak, kabèh dha bingung, bareng krungu cagak kandhane, rebut dhucung, dha njaluk tulung, diberaké pindhah papané.



10. Cangak bungah, ora rekasa, nyucuk iwak angiberaké, iwak cubluk, diblithuk kena, kabèh iwak mlebu waduké.
11. Suwé-suwé iwak sak rawa, entèk tapis ra na sisané, kari yuyu siji tur tuwa, warna ireng atos thothoké.
12. Cangak jijik, yèn nothol thothok, yèn ra nothol luwé wetengé, yuyu dikon, andhangkol githok, géyong-géyong dieburaké.
13. Bareng yuyu, arep digawa, neba papan, akèh watuné, lagi ngerti, yèn cangak cidra, sak nalika banget nesuné.
14. Sapit loro, anyapit gulu, saya suwé seru nyapité, cangak mbengok, ra dipaèlu, gulu pedhot, ilang nyawané.

# Kodhok Nunggang Ula

*Tembang: Durma*

1. Kacarita ing tlaga kang biru maya, banyun ébening kincling, anéka tunjungnya, séta dadu myang rekta, ana kodhok ma-deg aji, akèh rakyatnya, tan kurang kang binukti.
2. Saben bengi klenèngan anabuh gangsa, kang kung rèk rèk nglamlami, byar rahina saba, padha golèk pangannya, lemut kendela cumawis, tentrem uripnya, datan kurang sawiji.
3. Winursita ana ula uwis tuwa, réwa-réwa angabdi, sumpah aprasetya, mring raja Sri Canthoka, saguh yén dipun-titihi, plesir wisata, nèng sajabaning warih.
4. Raja rena saya suwé saya tresna, remen kepati-pati, tindak nitih ula, ula prigel solahnya, lenggak-lenggok ndudut ati, nleser lakunya, liyer-liyer Sang Aji.
5. Raja léna tan wikan karti-sampéka, olahé ula julig, ing sawiji dina, sambat luwé wetengnya, gumeter kepati-pati, suda lénggoknya, tan kadya kang wis-uwis.
6. Wus kebanjur raja karem lénggok ula, lénggok kang makénaki, yèn towong sadina, rasa kaya sawarsa, ati bingung poyang-paying, kisruh pikirnya, lir kiyamat wus prapti.
7. Anempuh byat raja angur banken rakyat, dadi cadhongirèki, ula kang dursila, siji siji sadina, wusana rakyaté tapis, mung kari raja, nunggu saatireki.
8. Nora wurung bakal mlebu gurung ula, ula kang ambek julig, manis mung lahirnya, pinter adol lénggoknya, prasetyané mung lelamis, kanggo tutupnya, pamrih kang mbebayani.

9. Poma-poma sakabèhing nara praja, ywa kurang ngati-ati, yèn ngadhepi jalma, kang wataké lir sarpa, adol lènggok daganl manis, gampang prasetya, kabeh amung lelamis.

Padha dongèngè, béda dhapukané

## Kodhok Nunggang Ula

*Tembang: Walangkèkèk utawa kidungan cengkok ludrug Surabayan.*

1. Ana ula, marga wís tuwa, warna ireng welu sisiké, pancèn béda dhek isih mudha, ireng manis klimis kulité.
2. Bareng tuwa wís premana, mripat bureng, ilang awasé, ngira kodhok, disaut kena, jebul kleru godhong telane.
3. Ula judheg, piyé carané, bisa mangan, saben dinané, nemu akal, angabdi raja, raja kodhok akéh rakyaté.
4. Wís prasetya, manut prentahnya, ditihi ya saguh bae, raja kodhok, yen kliling tlaga, nitih ula, seneng atiné.
5. Pancèn nyata tunggangan donya, pénak dhéwé nunggang ulane, ora kontrag, weteng ra lara, nleser angler pénak lènggoké.
6. Saya suwé raja canthoka, saya tresna karo ulané, saben dina mung nitih ula, lali praja lali rakyaté.
7. Ula luwé, diparengaké, mangsa kodhok saben dinane, suwé-suwé rakyat kodhoké, entèk kari rajané dhéwé.
8. Ora wurung dimangsa ula, kari nunggu titi wanciné, ula julig, pinter akalnya, adol égol ndagang lénggoke.
9. Poma-poma pra nara praja, aja kaya raja kodhoké, marga karem lenggoké ula, temah bubrah rusak prajané.
10. Kawruhana ora mung ula, nadyan jalma ya ana baé, lahir manis, batin culika, sing digagas waregé dhéwé.





# Kethèk Nunggang Baya

*Tembang: Dhandhanggula*

1. Ana kethèk saba pinggir kali, kali amba kedhung nèng tengahya, kelangkung jero kedungé, ing kono papanipun, baya nyaplok mangsanirèki, pitik bèbèk manungsa, sapa lena klebu, manjing jroning wadhuk baya, tanpa sisa baya galaké kepati, tanpa mawas mangsanya.
2. Ana siji kang dèn-incim-incim, kethèk lemu saba nèng cedhaknya, neng wit lo pinggir kaliné, kethèk kang sabèng dhuwur, saking uwit tansah ngawasi, solah tingkahing baya, mring ngendi dèn-enut, baya ngambang sigra-sigra, kethèk meré ngak nguk kanthi jerit-jerit, nèng dhuwur pang uwitnya.
3. Kéwan liya gya samya sumingkir, baya anyel mendhokol atinya, misuh-misuh ing batiné, misuhi kethèkipun, déné tansah ngalang-alangi, baya tan antuk mangsan, luwé wetengipun, temahan metu akalnya, réwa-réwa atapa nèng ngisor uwit, pindha pandhita Buda.
4. Meneng anteng datan mobah mosik, mata mleleng tan ana kedhèpnya, pindha glugu nèng sor wité, badannya gluprut lumut, suku papat kependhem siti, ilang wujuding kéwan, lir perbatang rubuh, pitik bèbèk nèng cedhaknya, tan rinèwès, pacaké pindha semèdi, ngeningken ciptanira.
5. Kethèk weruh gumuné kepati, déné baya aneh tingkahira, ilang galak lan ganasé, kethèk temahanipun, nékad tanya darunanèki, baya asalin slaga, béda adatipun, ana mangsar tan minangsa, nggentur tapa mung tansah mangsah semedi, pindha sang wiku dibya.

6. Dupi baya krungu swaranèki, kethèk tanya sababé atapa, sigra ngracut semèdiné, alon wangsulanipun, "Kawruhana hèh mitra mami, ingsun wus madeg ajar, winisuda uwus, derting Sang Maha Pandhita, kang wus bontos sakèhing ngelmi hakiki, wejangane Sang Buda.
7. Ana lima sirikaning urip, siji dosa matèni sasama, loro agoroh gunemé, telu acolong jupuk, papat madat, lan minum ugj, lima madon punika, kabeh dosa iku nenuntun maring naraka, dadi sabab sangsara sajroning urip, ngedohken rèh kamoksan."
8. Kethèk bungah krungu kojah becik, temah tanya ngendi papanira, paguron kange mejangaké, ngèlmu linuhung iku, baya muwus kalangkung tebih, nganggo nyabrang narmada, nanging baya saguh, ngeterké yèn kethèk nyata, péngin nyantrik maguru wejangan suci, kinèn nunggang gigirnya.
9. Tandya nyémplo kethèké ring gigir, baya nulya nglangi ngambah toya, kethèk angler nèng gigiré, prapta nèng kedhungipun, baya muwus semu anangis, "Duh mitraku wanara, sedhikku kalangkung, kèlingan anak sajuga, lara busung tan wurung nemahi pati, yèn tan antuk tambanya.
10. Tambanira mung ana sawiji, ati kethèk iku datan liya, mula kalangkung ribedé, "kethèk alon aniuwus," haywa samar baya kang alim, kanthi lila lagawa, pasthi atiningsun, sun pasrahken marang sira, nanging piyé wong wis kebanjur saiki, atiku ra tak gawa.
11. Mau kaé kasusu wak mami, saking péngin ngangsu kawruh nyata, ati kèri suncanthèlké, pang wít elo nèng dhuwur, mula mintra beciké iki, ayo bali sadhèla, njupuk atiningsun mengko sun pasrahken sira, pupung durung putramu kebanjur lalis, pajo ta dèn-nggal-énggal."
12. Wus dilalah karsaning Hyang Widhi, bayanira anurut kéwala, bali mring pinggir kaline, duk prapteng pinggiripun, kethèk

gupuh mencolot nuli, nylingkrik pang wit elonya, sarwi  
nguwuh-uwuh,” ingsun kapok nunggang baya, nadyan angler  
natiging banget mbebayani, wis baya ndang lungoa.”





Padha dongèngé, béda dhapukané

## Kethèk Nunggang Baya

*Tembang: Walangkékék utawa kidungan céngkok ludruga Surabayan*

1. Ana baya thok-ethok tapa, nèng sor wít lo pinggir kaliné meneng anteng ra na polahé, mata mleleng ra na kedhèpé.
2. Béda banget karo adaté, wís ra galak ilang ganasé, pitik bèbèk sīng na cedhaké, ra disarap ora diglapé.
3. Ana kethèk kethèk bandhotan, kethèk gedhé lemu awaké, kethèk takon, apa sababé, déné baya salin slagané.
4. Baya kandha mentas maguru, wís diwejang pancasilané, pan casila agama Buda, ngandharaké dosa kang gedhé.
5. Nomer siji dosa matèni, nomer loro goroh rembugé, nome telu acolong jupuk, madat minum nomer papaté.
6. Nomer lima tindak amadon, dhemen ngrusak pager ayuné, kabèh mau dosa kang gedhé, mung naraka cacadhangané.
7. Kethèk seneng krungu kojahé, kojah becik mengku wulange wulang suci agama Buda, kethèk banget migatekake.
8. Kethèk takon marang bayané, yèn maguru ngendi papané, baya kandha adoh enggoné, nganggo nyabrang kali kan gedhé.
9. Yèn ta kethèk pèngin maguru, baya saguh angeterakè, kethèk dikon nunggang gegeré, baya bakal anyabrangaké.
10. Kethèk bungah kesusu munggah, énggal nyemplo gege bayané, baya nglangi nyang tengah kali, kali jero an kedhungé.



11. Tekan kedhung alon kandhané, mingseg-mingseg kato susahé, jaré éling karo anaké, kang nèng kedhung banget larané.
12. Anak siji ra wurung mati, yèn ra énggal éntuk tambané, ati kethèk iku tambané, mula baya susah atiné.
13. Kethèk krungu kandhané baya, sanalika kagèt atiné, énggal kandha karo si baya, yèn atiné arep diwèhké.
14. Nanging kethèk dilalah laii, ati kèri ana ngomahé, dicanthèké nèng pang wit elo, uwit elo panggir kaliné.
15. Kethèk njaluk digawa bali, perlu arep njupuk atiné, baya ngira kethèk ra cidra, nglangi minggir cedhak eloné.
16. Tekan pinggir kethèk mencolot, clingrik-clingrik nrancag eloné, tekan ndhuwur kethèk njur kandha, yèn wis kapok nunggang bayané.
17. Pancèn nyata, yèn nunggang baya, angler nyer-nyer nikmat rasané, yèn diprasa, kaya nèng swarga; lali ngomah lali wajibé.
18. Poma-poma pra nara praja, aja kurang ngati-atiné, akèh jalma sing kaya baya, lahir suci ala batiné.



# Manuk Manyar Karo Kethèk

*Tembang: Dhandhanggula*

1. Kacarita nèng pinggir wanadri, wana amba akèh woh-wohannya, tur cedhak tegal gagané, akèh kethèk lan munyuk, ting pethangkrong nèng panging uwit, datan kurang woh-wohan, pelem langsep dhuku, yèn bosen woh saba tegal, nyisil kacang ndhukir tèla nyolong krahi, énak datan konangan.
2. Kethèk wareg datan nyambut kardi, thenguk-thenguk methèngkrèng nèng epang, padha dhidhis gentèn-gentèn, sarwi anyamuk-nyamuk, kemilané mendhukul kèksi, bubar dhidhis lénggotan, liyer-liyer ngantuk, ngrasa letrima uripnya, tinitahken ginari déning Hyang Widhi, turun kethèk Hanuman.
3. Kethèk ningrat prajurit sinekti, tau-taté labuh mring Sang Rama, duk prang brubuh Ngalengkane, saturun-turunipun, wus pinasthi dening Dewadi, datan perlu rekasa, nyambut gawé ithu, mung dhidis ngantuk kéwala, mangan énak wenang milih kang binukti, tetep mukti wibawa.
4. Béda karo manuk manyar iki, gotong royong agawé susuhnya, nèng wit randhu alas gedhé, nadyan mung nduwé cucuk, parandéné pinter akardi, susuh pèni wangunnya, rapet kukuh bakuh, nadyan katerak maruta, gondhal-gandhul tan gugal tiba mring siti, labet pinter kang karya.
5. Kacarita udan deres prapti, galudhugé gumleger swaranya, jumedher swara bledhègé, manuk manyar gya mlebu, rhring susuhnya anget tur garing, kethèk nèng ngisor witya, andhekukul klebus, naretheke gathik untunya, andharedheg kadhemen kepati-pati, rumangsa yèn sangsara.

6. Manuk manyar dupi aningali, saking jroning susuh nuli mojar, "Hèh kethèk rungokna kiyè, wong nduwé tangan suku, lah kok suthik anyambut kardi, agawé pangyuban, yen mungguh ingsun, ginadhuan suku tangan, mesthi bisa gav kraton kang ngungkuli, kedhatoné Sang Raja."
7. Kethèk mringis sarwi mojar wengis, "Ngolok-olok hèh trayoli manyar, entènana saterangé, yèn terang udanipun, kra tangan sira hèh peksi, wusana udan terang, kethèk mènèk gupuh, ngodhal-adhul susuh mayar, susuh rusak endhog pecah piyik mati manyaré kari susah.

Padha dongèngé, béda dhapukané

## Manuk Manyar Karo Kethèk

*Tembang: Walangkèkèk utawa kidungan céngkok Surabayan*

1. Manuk manyar seneng uripé, gotong royong lanang wadoné, bengi turu byar nyamliut gawé, golèk pangan ngloloh piyiké.
2. Gawé susuh peni wanguné, gondhal-gandhul nèng pang wít gedhé, udan panas ra na sumlangé, ayem tentrem ra na aralé.
3. Béda kethèk sing pinter mènèk, tangan sikil prigel salahé, moh rekasa moh nyambut gawé, yèn wis wareg mung dhidhis baé.
4. Kethèk anggak ora semanak, ngendelaké isih turuné, turun kethèk kethèk Hanuman, kethèk putih banget saktiné.
5. Pancèn nyata wanara séta, kocap anèng Ramayanané, kethèk ningrat kasub ing jagad, jayèng laga ra na tandhingé.
6. Mula kethèk trah Hanumané, wis ginaris déning dewané, urip pènak mukti wibawa, ra rekasa ra nyambut gawé.
7. Kacarita udané teka, udan deres kaya disokké, manuk manyar nèng jero susuh, susuh rapet ra na trocohé.
8. Kethèk ngéyub nèng sor uwité, andhekukul klebus awaké, krasa adhem awak wèl-wèlan, lambé biru gathik untuné.
9. Manuk manyar saka susuhé, weruh kethèk kandha mengkéné, "Kethèk kethèk aku tak kandha, sikil tangan apa gunané."
10. Aku iki cucuk mung siji, bisa gawé omahku dhéwé, éyub rapet ra na trocohé, udan panas ra na susahé.
11. Yèn ta aku kaya sliramu, tangan sikil banget prigelé, mesthi aku ngungkuli jalma, gawé omah sungsun tur gedhé."

12. Kethèk nesu lara atiné, rumangsané dinyèk di-écé, cangkem mringis kétok siungé, meré-meré andik matané.
13. Clingkrik-clingkrik mènèk uwité, ngobrak-abrik susul manyaré, susah rusak manyaré lunga, moh tetanggan karo kethèké.





# Kethèk Tuwèk Karo Wedhus Wedok

*Tembang: Kinanthi.*

1. Ana kethèk tuwa pikun, mènèk uwit wis tan bangkit, trim ana ing ngisornya, ciglokan woh kang dèn-anti, iku kang de( pangannya, mula awak kuru aking.
2. Weruh ana wedhus prucul, saba ijèn tanpa kanthi, lemu subu badanira, wulu gilap akulimis, kethèk metu drengkinira, ni)q wedhus uripnya aring.
3. Temah wadul macan tutul, macan dèn-ajok-ajoki, kinèn mangsa wedhusira, wedhus wédok tappa kanthi, empu memel dagingira, mesthi nikmat rasanèki.
4. Macan wedi kenèng apus, kethèk saguh tuduh margi, mriin dununging wedhusira, wedhus kang lagya nggayemi, mrih ta pisah lakunira, kethèk kinen munggah gigir.
5. Kethèk nyémplu gupuh-gupuh, angudhapel anèng gigit kenceng gocèkan githoknya, macané sigra lumaris, alon-alo lakunira, ngindhik wedhus kang nggayemi.
6. Wedhus weruh macanipun, gupuh mamah godhong jati, katon abang tutukira, wedus mringis katon bengis, mbeko mbekos nujah-nujah, macané dèn-parepeki.
7. Sarwí pasang sungunipun, macané dèn-senggrang miri mlayu nggendring nunjang-nunjang, nora wani noli wui nasak-nasak garumbulan, kerèndhèt-rèndhèt ing eri.
8. Temah kontal kethèkipun, tibèng jwang kebak cut kebenti watu sirahnya, pecah wusanané lalis, mangkono temahanira yèn wong nduwé watak drengki.

9. Watak drengki limrahipun, tan seneng yèn lyan basuki,  
éwa yèn ana wong liya, nemu kabegjaning urip, temahan  
dhiri priyangga, sangsara nemu bilahi.



Padha dongenge, beda dhapukan e

Kethèk Tuwèk Karo

Wedhus Wedok

*Tembang: Walangkekek utawa kidungan cengkok Surabayan*

1. Ana kethèk, kethèk wis tuwèk, siung romping kempot pipiné, mènèk dhuwur wis ora bisa, trima ana ing ngisor baé.
2. Nyambi dhidhis, ngiras ngentèni, woh kang rontog saka uwité, woh kang nyadham wis ora doyan, ora tedhas marga atosé.
3. Cedhak kono ana wedhusé, wedhus wédok Jeniu awaké, wulu klimis seger awaké, plérak-plérok ra na kancané.
4. Kethèk tuwèk metu drengkiné, weruh wedhus subur badané, temah wadul karo kancané, macan tutul iku wujudé.
5. Macan tutul di-wèhi weruh, ana mangsan ndhemenakaké, wedhus wedok iku wujudé, ginak-ginuk ra na kanthiné.
6. Saba ijèn ra na réwangé, macan dikon trus nubruk baé, macan tutul ra pati ngandel, kuwatir yen diloropké.
7. Kethèk sumpah yèn kandha nyata, yèn ra ngandel arep diterké, macan wedi yèn diapusi, kethèk dijak bareng lakuné.
8. Kethèk dikon nunggang macané, cikbèn bareng nyang ngendi baé, kethèk nyemplo nèng geger macan, angathapel ngrangkul githoké.
9. Bareng wedhus weruh macané, énggal mamah godhong jatiné, cangkem abang diangapaké, mbekos-bekos ngegèt embèké.

10. Mata mlilik pasang sungune, nujah-nujah nyenggrang macané, macan kaget banget wediné, weruh wedhus banget galaké.
11. Macan mlayu ra nolèh mburi, numbuk-numbuk rikat playuné, nrajang grumbul, nglumpati jurang, kethèk kontal tiba njurangé.
12. Jurang jero akeh watuné, kebak curi lancip pucuké, kethèk mati marga drengkiné, ngarah pati sapapadhané.






# Kura Karo Angsa

*Tembang: Megatruh.*

1. Ana kura darbé mitra bisa mabur, rupa angsa jalu-èstri, kura inganggep sadulur, langkung akrab srawungnyeki, saba rawa nunggal enggon.
2. Ngancik mangsa katiga tan ana jawuh, rawa asat ingkang warih, angsa pamit mitranipun, arsa pindhah unggwanèki, mring talaga ingkang adoh.
3. Kura klayu sedya mèlu angsanipun, mitra telu mikir-mikir, kapriyé prayoginipun, kura mabur datan bangkit, mangka talagané adoh.
4. Nemu akal kurané kinen anggandhul, nèng tugelan panging uwit, kinon nyakot tengahipun, wineling dènngatiati, ywa tan kenceng ing panyakot.
5. Bongkot pucuk gya sinosor angsanipun, angsa jalu lawan èstri, njejak bantala gya mabur, kurané katut manginggil, bablas aburnya wus adoh.
6. Kacarita kèwan telu aburipun, kawruhan wong angon sapi, pangon-pangon padha gumun, ana kura ngambah langit, kura mabur gawé gawok.
7. Ana pangon watak gecul seneng nglucu, alok sarwi tuding-tuding, "Dudu kura kang neng dhuwur, nanging tléthong sapi aking, ingeburken angsa loro."
8. Tléthong garing omah brengkutis puniku, dèn-gawa angsa kekalih, kanggo olèh-olèhipun, piyik angsa karem kutis, méndah mengko nggoné dhokoh.
9. Kura krungu dèn-sungguh taléthong lembu, bramantya duka sinipi, sigra mngap cangkempun, uwal panyakotireki, tiba mangisor cumlorot.

10. Pangon surak bungahé kelangkung-langkung, kurané pinurak aglis, ingirisan dagingipun, dadi saté wus binukti, saté kurané miraos.
11. Ngono iku dongèngé kura kang mabur, dèn-burken angsa kekalih, lali yèn temené brundhul, rumangsa nduwe suwiwi, temah dadi saté pangon.
12. Nadyan janma yèn nduwèni pangkat dhuwur, sok lali dhiri pribadi, kecenthok thithik gya nesu, perdhom-perdhom mri-pat andik, ilang prayitnaning batos.
13. Pangkat dhuwur marakké ati takabur, adol kereng ndagang wengis, sapa sira sapa insun, wong liya dèn-anggep cilik, temahan mbanjur keblowok.



Padha dongèngé, béda dhapukané

## Kura Karo Angsa

*Tembang: Walangkèkèk utawa kidungan Surabayan*

1. Ana kura manggon nèng rawa, nduwé mitra arigsa arané, angsa iku bangsané banyak, banyak gedhé dhuwur aburé.
2. Angsa lanang lan angsa wadon, tansah srimbit marana mréné, nglangi bareng ngubengi rawa, cilam-cilum nyosor pangané.
3. Kesel nglangi munggah dharatan, lèrèn ngaso sinambi pépé, ndhekem ayem anèng pentasan, kebet-kebet mbèbèr swiwiné.
4. Yèn wis katog anggoné pépé, bebarengan nlusup grumbulé, grutnbul ayam gasik lemahé, ana kono kumpul kurané.
5. Kura seneng anduwé kanca, angsa loro lanang wadoné, angsa kojah wis tau njajah, saba tlağa banget éndahé.
6. Tlağa amba nèng pucak arga, gunung dhuwur adoh dunungé, banyu megung rendheng ketiga, sak-nggon-enggon akèh pangané.
7. Kacarita mangsa ketiga, rawa asat ra na banyuné, angsa pamit karo kurané, pindhah enggon menyang tlagané.
8. Kura klayu kepéngin melu, nanging priyé mungguh carané, angsa nemu akal prayoga, golèk kayu sedheng dawané.
9. Kura dikon nyakot tengahé, angsa lanang karo wadoné, ban-jur nyosor bongkot pucuké, nuli mabur katut kurané.
10. Tekan ndhuwur bablas aburé, ngambah langit nlusup mégané, kura seneng atiné mongkog, bisa ngambah ngantariksané.

11. Kura lali yèn diburake, rumangsané ya mabur dhéwé, pasang aksi terbang melayang, mégal-mégol njengat guluné.
12. Tekan ndhuwur ara-arané, bocah angon weruh aburé, padha gumun seru aloké, ana bulus ngambah langité.
13. Ana- pangon sing seneng nglucu, alok seru semuné ngécé, "Dudu bulus sing mabur iku, tléthong garing omah kutisé.
14. Angsa karem mangsa kutisé, mula tléthong dieburaké." Kura krungu disengguh tléthong, ati mangkel banget nesuné.
15. Kura krodha mangap cangkemé, sanalika mrucut kayuné, kura nylorot tiba nèng lemah, pangon bungah ngrencak kurané.
16. Bocah angon dha ramé-ramé, ngiris daging daging kurané, daging kura énak rasané, disunduki digawé saté.



## Gajah Adigung Mati Keglundhung

*Tembang: Kinanthi.*

1. Ana gajah gedhé dhuwur, tialé dawa gadhing lancip, ulet kandel kulitira, balung atos pindha wesi, rumangsa sakti pri-yangga, wanadri dèn-kuwasani.
2. Gajah kelangkung adigung, angkuhé kepati-pati, rumangsa agung priyangga, kéwan cilik dadi bancik, wenangé mung angawula, mring gajah wajib anggusti.
3. Yèn gajah nuju lumaku, kéwan cilik kudu nyingkir, kabèh kang neng tengah marga, dèn-anggep ngalang-alangi, pinu tung dèn-idak-idak, rinantas rinontang-ranting.
4. Bondhotan myang grumbul-grumbul, dèn-rusak dèn-osak-asik, kéwan cilik padha lunga, wedi kepidak ing sikil, sikil gajah wawratira, siji-sijiné sedhacin.
5. Kacarita jroning grumbul, ana susuhé prit-gantil, grumbulé dèn rusak gajah, susuh bubrah mobrah-mabrik, endhog pecah piyik pejah, emprité dahat prihatin.
6. Kekitrag ngubengi grumbul, sarwi tawan-tawan tangis, swaranya ngresngresi manah, lanang wadon kawlas-asih, nyeluki piyik kang pejah, kinèn énggal-énggal tangi.
7. Emprit gantil mitranipun, platuk-bawang peksi alit, mlatuk wreksa gawé swara, nglelipur kang emprit gantil, sarwi muwus "Dhuh sumitra, wis menenga aja nangis.
8. Ingsun saguh males ukum, mring gajah kang ambek wengis, yektiné datanpa guna, yèn sira tansah nangisi, anakmu kang uwus pejah, mokal yèn ta urip malih.
9. Sabarna dhuh mitraningsun, ing sun wani perang tandhing, sunbut tiga gajahira, mesthi palastra de mami, delengen lan antèkena, suwé-suwéné sesasi.

10. Platuk bawang sigra mabur, ngupaya mitrané kalih, yèku kéwan nora pakra, mung kodhok lan laler wilis, dijak bareng mangsah yuda, ngrubut telu gajahnèki.
11. Platuk kang dadi penganjur, nglimpèkken duk gajah guling, thinothol mata kalihnya, tatu jero mijil getih, laler sigra mangsah yuda, méncok mata aneléki.
12. Dadi mala tatunipun, gajah picak tan wruh margi, krasa ngefak gurungira, arsa angupaya warih, cenunukan golèk toya, kesasar mring ngendi-endi.
13. Kodhok gawé swara seru, nèng tepining jurang trebis, jurang jero kèh watunya, gajahé nuli marani, ngira yèn kodhok nyuwara, mesthi manggon cedhak warih.
14. Gajah nasak grumbul-grumbul, kerèndhet-rendhèt ing eri, ngener swaraning canthoka, kejlungup ing jurang trebis, jurang garing kebak séla, gajah keglundhung ngemasi.
15. Mangkono ta dongèngipun, gajah ingkang ageng inggil, ngendelken karosanira, kasor dening kewan alit, watak adigung temahnya, dadi sababing bilahi.

Padha dongèngé, bèda dhapukané

## Gajah Adigung Mati Keglundhung

*Tembang: Walangkekek utawa kidungan Surabayan*

1. Ana gajah banget gedhéné, gadhing lancip dawa tlaléné, kulit ulet atas balungé, awak anteb gedhé sikilé.
2. Gajah angkuh banget gumedhé, ngendelaké kekuatané, kéwan liya dianggep rèmhèh, kewan cilik disepèlèkké.
3. Yen lumaku waton mung maju, grumbul-grumbul ditasak baé, tlalé nggrathil ngrusak wít-wité, digak-ogak dirubhaké.
4. Susuh manuk diobrak-abrik, ra perduli pecah endhogé, piyik tiba diidak-idak, ora ana welas-asihé.
5. Aina emprit emprité gantil, lanang wadon banget susahé, tansah nangis nèng pang uwité, sambat-sambat mati piyiké.
6. Piyik cilik diidak gajah, awak gèpèng ilang nyawané, pancèn gajah ra nduwé welas, ngendelaké rosa lan gedhé.
7. Emprit gantil adarbé kanca, platuk-bawang padha manuké, platuk saguh amalesaké, arep ngajak kanca-kancané.
8. Ana loro sing dijak ngrubut, perang tandhing karo gajahé, kéwan cilik tur mung sepélé, yèku laler karo kodhoké.
9. Platuk-bawang milih sa'até, gajah turu dilimpèkaké, mata loro kena platuké, tatu jero metu getihé.
10. Laler méncok ana ing tatu, gawé reged tatu gajahé, tatu amba dadi memala, temah gajah picak matané.
11. Gajah ngelak kepéngin ngombé, menyang rawa ra wruh dalané, kodhok nywara ipinggir jurangé, jurang jero akèh watuné.
12. Gajah krungu swarané kodhok, ngira kono papan banyuné, énggal-énggal marani swara, tibèng jurang dadi tiwasé.

# Tuma Karo Tinggi

## *Tembang: Pucung*

1. Tuma kasur, dudu rambut dunungipun, milih manggon tilam, pasaréyané sang putri, putri lema sarwa subur kang sarira.
2. Ngisor kasur, tuma pandhelikanipun, primpen tan katara, ngati-ati yèn ambukti, awan pasa mung yèn bengi mangsanira.
3. Nora ngawur, si tuma pinter angatur, ngentèni sa'atnya, yèn putri saré kepati, lagi wani necep getih sak-waregnya.
4. Mula lemu, tuma klimis badanipun, datan kurang tedha, bédha banget karo tinggi, manggon lampit linggihané abdi inya.
5. Tinggi kuru, garing gèpèng badanipun, labet saking ngangsa, tan sabar tan ngati-ati, watak srakah nafsuné datan dicegah.
6. Grusa-grusa, tandangé keburu nafsu, yèn nyakot manungsa, manungsané lagi linggih, durung suwé wis cèwel nyakot bokongnya.
7. Inya njumbul, krasa gatel bokongipun, kinukur rèk-rèkan, sarwi riyosoiken kang tinggi, "Tinggi bangsat keparat ra tata-krama."
8. Gupuh-gupuh, gya nggedhuken lampitipun, tinggi tiba kon-tal, rerikatan playunèki, munggah kasur ngungsi ndhelik awor tuma.
9. Weruh pupu, pupuné putri kang lemu, tanpa taha-taha, cinakot cèwel mak clekit, putri njerit inyané sigra tumandang.

10. Sigra cancut, cincing tapih ngulik kasur, sarwi gadumelan, ndremimil misuhi tinggi, "Hèh trayoli awas yèn kecandhak sira.
11. Kasuripun tinlusur winalik sampun, inya nemu tuma, pètempètan lawan kekalihnya temahan padha palastra.



Padha dongèngé, béda dhapukane

## Tuma Karo Tinggi

*Tembang: Walangkèkèk uiawa kiclungan céngkok Surabayan*

1. Ana tuma banget pinteré, dudu rambut papan dunungé, milih kasur sing dienggoni, kasur wangi sing nduwé putri.
2. Putri ayu lemu slirané, moblong-rnoblóng ndhemenakaké, tuma prigel nata awaké, awan pasa bengi mangsané.
3. Turna sabar ora kesusu, nunggu waktu sing becik dhéwé, milih sa'at ingkang prayoga, yèku yèn wis putriné saré.
4. Lagi wani tumané metu, metu saka pandhelikané, mrambat munggah pupu sang putri, nganti wareg necep getihé.
5. Pupu putri empuk dagingé, getih putri sedhep rasané, tuma lemu seneng uripé, weteng mlenthu gilap kulité.
6. Béda tinggi lampit dunungé, lampit lawas palinggihané, abdi inya kang tunggu saré, melèk tugur njaga gustiné.
7. Tinggi srakah ra betah luwé, yèn amangsa kesusu baé, inya lungguh anèng lampité, clekat-clekit gatel bokongé.
8. Inya anyel lampit dicekel, digedhuké kontal tingginé, tinggi mlayu munggah kasuré, ngungsi kumpul karo tumané.
9. Bola-bali tuma ngandhani, tinggi kudu nyegah grangsangé, ora kena rnung waton baé, kudu bisa milih sa'até.
10. Dhasar tinggi ra betah luwé, barang weruh pupu putriné, ora sranta trus nyarap baé, putri kagèt banget dukané.
11. Muring-muring dhawuh inyané, angresiki pasaréyané, inya gupuh tumandang gawé, nlusur kasur nla cak tingginé.
12. Wis ketemu pandhelikané, tinggi tuma karo-karoné, énggal-énggal tuma dijumput, digites thes ilang nyawané.
13. "Tinggi mati dipènnyet-pènnyet, getih muncrat pengak ambuné, tuma tinggi tunggal dunungé, mati bareng karo-karoné.





# Manuk Garuda Balapan Karo Kura

*Tembang: Sinom*

1. Yèn manuk manuk garudha, kasuwur ing ngendi-endi, manuk agung turunira, garudha manuk kang sakti, dadi wahananèki, minulya Bathara Wisnu, wenang amangsa naga, dadi pepujaning janmi, gambarira dadi lambanging nagara.
2. Parandéné meksa cacad, wataké angkuh kepati, dhemen nyepèlèkken liyan, rumangsa sekti pribadi, liyan kudu angur mati, nyembah mring garudhanipun, ngendelken maksih ningrat, darbé hak ginusti-gusti, yèku nyata dadi cacadé garudha.
3. Cacad kang kapindhonira, dhemen mangsa sarwa daging, kendel yen ngrebut mangsanya, nora mawas kang ndarbèni, cempé pedhèt kang cilik, darbèké wong tani yutun, dèn srobot kanthi peksa, kang darbé nandhang prihatin, cempé siji rinebut dening garudha.
4. Nuju sawijining dina, garudha ngelak kepati, neba nèng pinggir kalinya, wruh kura anèng gegisik, nuli dèn-idak wani, sarwi alok swara seru, ngenyék wujuding kura, déné aneh wujudnèki, bunder ireng anggaremet lakunira.
5. Kura kelangkung seriknya, nantang grudha dèn-jak tandhing, balapan maring samudra, turut kali lakunèki, grudha ngambah wiyati, kura bakal nyilem ranu, ngambah dhasaring toya, yen garudha mula wani, dèn-temtokken èmben énjing budhalira.
6. Sorénya kudu wus prapta, nèng gisikané jaladri, garudha angakak-ngakak, nggeguyu kuranirèki, déné ta kumawani, anantang garudhanipun, kang wus kajanapriya, aburé banter lir angin, mokal yen ta nganti kalah karo kura.



7. Temah dadi rembugira, karoné bakal atandhing, balapan maring samudra, sawusnya rembugé dadi, kura ènggal nemoni, para kanca-kanacipun, kura kang madha rupa, dènjak barengan nandhingi, garudhané kang adigung watakira.
8. Kurané padha sarembag, embèn énjing wíwítèki, yèn weruh garudha nglayang, nèng dhuwur anurut kali, mring arahing jaladri, kurané gentèn menthungul, mapan ngarsa garudha, nongol sarwí ngiwi-iwí, kabèh kura kang manggon urut kalinya.
9. Kacarita embènira, garudhané uwus prapti, weruh kura sigra-sigra, nyemplung slulup jroning kali, dèn-kira iku pasthi, kang ngajak balapan mlayu, sigra napak gagana, sarwí mulat ngisornèki, tansah miyat kura wus ana ngarsanya.
10. Anongolken sirahira, mangap sarwí ngiwi-iwí, garudha langkung bramantya, ngetog aburnya lir angin, prandéné ngarsanèki, tansah wruh kura menthungul, dupi prapteng samudra, miyat kura anèng gegisik, semunira wus lama ngentèni grudha.
11. Garudha nulya aneba, nèng cedhaking kuranèki, menggèh-menggèh napasira, kura lawané atandhing, amuwus ngisin-isin, melèhken garudhanipun, ngakuné masih ningrat, turuné garudha sekti, déné kéyok tandhing kura kang dèn-ina.




Padha dongèngé, beda dhapukané

## Manuk Garuda Balapan Karo Kura

*Tembang: Walangkèkèk utawa kidungan céngkok Surabayan*

1. Ana manuk, manuk garudha, manuk gedhé gagah wujudé, cucuk landhep cakar ya landhep, swiwi rowa dhuwur aburé.
2. Pucak gunung iku enggoné, gunung dhuwur ketel alasé, saben dina mabur nyang desa, golék mangsan wedhus lan cempé.
3. Yèn garudha pinuju nglayang, pangon-pangon banget samaré, padha alok ramé swarané, rajakaya diklumpukaké.
4. Enggal-énggal dikandhangaké, pedhèt cempé diplayokaké, marga grudha banget kendelé, tanpa wedi ngrebut mangsané.
5. Kacarita garudha gedhé, krasa ngelak kepengin ngombé, mabur nglayang golèk banyuné, niyup neba pinggir kaliné.
6. Pinggir kali ana kurané, lagi dhédhé nèng gisikané, grudha weruh diidak baé, kura kagèt mingslep siraé.
7. Grudha ngguyu kepingkel-pingkel, weruh kéwan banget lucuné, wangun bunder ireng warnané, tanpa wulu cilik endhasé.
8. Gulu bisa modod mengkeret, kaya epir montor-gandhèngè, grudha alo kok ana kéwan, rupa lucu rindhik lakuné.
9. Kura krungu yèn dipoyoki, endhas cilik dithongolaké, mampang-mampang nantang garudha, apa wani tandhing kurané.

10. Adu rikat padha balapan, nurut kali nyang sagarané, grudha oleh liwat langité, kura arep metu kaliné.
11. Grudha ngguyu karo celathu, yèn mung ngono mesthi waniné, mbésuk wani saiki wani, kura dik on milih dinané.
12. Kura kandha suk embèn baé, yèn wis megung banyu kaliné, wanci ésuk bakal mangkaté, soré kudu wis tekan nggoné.
13. Rembug dadi nuli kurané, ajak-ajak kanca-kancané, kura akèh kang madha rupa, bebarengan nglawan grudhané.
14. Padha kencan yèn kura weruh, grudha ngllayang ndhuwur kaliné, genti-genti arep menthungul, mapan nongol ana ngarepé.
15. Kacarita emben ésuké, grudha weruh ana kurané, ambyur slulup nèng jeron banyu, grudha mabur ngambah langité.
16. Nurut kali grudha aburé, ngiras pantes anakyinaké, tekan ngendi kura lakuné, kura arep dinyék diécé.
17. Grudha kaget banget gumuné, tansah weruh endhas kurané, nongol mapan nèng ngarepané, garudhané ngetog aburé.
18. Bareng tekan pinggir sagara, weruh kura wis suwé pépé, manuk grudha kepeksa ngaku, trima kalah tandhing kurané.



## Yuyu Gagak Lan Ula

*Tembang: Maskumambang*

1. Ana wiku watak rahayu ing budi, welas ing sasama, dhemené amitulungi, kang lagi nandhang sangsara.
2. Kéwan janma sapa baé dèn welasi, tyas lila legawa, sepi pamrih lan pakolih, ngugemi cipta raharja.
3. Saben dina tapa mlaku ndelajahi, munggah pucuk arga, tumurun ing jurang trebis, anelasak wana wasa.
4. Kabèh kali wus samya den talusuri, sirah sungapannya, sadaya wus den tekani, sang wiku gentur tapanya.
5. Adhedhépok nèng gubug kelangkung alit, nèng tepi talaga, banyu bening kincling-kincling, yèku padhepokanira.
6. Kacarita sang wiku nuju tetéki, angubengi rawa, rawa asat tanpa warih, lemah bengkah kèh telanya.
7. Ana yuyu gelasaran melas asih, kasatan ing toya, megap-megap awak aking, wus mèh nemahi antaka.
8. Wiku welas yuyu sigra dèn kanthongi, jroning jobahira, saksana ginawa mulih, maring padhépokanira.
9. Yuyu sigra dèn culken sajroning warih, nèng jroning talaga, yuyuné satemah pulih, wurung nemahi pralaya.
10. Yuyunira bungahnya kepati-pati, saba nèng talaga, datan kurang kang binukti, cedhak dhépoké sang tapa.
11. Yuyu dahat ngrasa kapotangan ing sih, mring wiku kang tapa, kang darbé watak wlas-asih, anguripi mring sasama.
12. Kacarita ana gagak laku juti, daging mangsanira, clemeré kepati-pati, gagak julig dhemen nyidra.
13. Darbé mitra ula gedhé wisa mandi, gagak miwah ula, wus sakuthu kalihnèki, barengan ngupaya mangsa.

14. Dupi miyat sang wiku lagi aguling, anèng gubugira, gagak nulya angandhani, mring ula yèn ana mangsa.
15. Kalihira bungahé marwata-siwí, déné antuk mangsan, wiku kang lagya aguling, iba nikmat dagingira.
16. Yuyu wikan krenteging tyas kéwan kalih, sigra-sigra nyedhak, muwus kanthi swara manis, "Heh mitraku gagak ula.
17. Pancén nyata daging wiku gurih anyir, nanging kawruhana, nikmaté tan bisa lami, mung neng gurung watesira.
18. Yèn dagingnya wus tumekeng wadhuk yekti, datan krasa énak, malah dadi sababnéki, weteng mlenthu krasa sebah.
19. Mula lamun mitraku sarpa lan peksi, yèn kepengin lama, nggènira bakal nikmati, rasaning daging punika.
20. Ingsun saguh ngodod jangganta kekalih, cik bèn mundhak dawa, gagak ula tanpa mikir, sigra manglungken jangganya.
21. Tandya tandang sapit kanan lawan kering, sapit ingkang kiwa, nyapit gulu gagaknéki, kang tengen gulu ulanya.
22. Wíwitannya panyapité lirih-lirih, dèn tlusur kéwala, pindha dhukun amijeti, kalangkung nikmat rasanya.
23. Gagak ula liyer-liyer pindha arip, saksana yuyunya, ngetog karosanirèki, mbangetken panyapitira.
24. Gagak polah klubukan angsara sakit, ula karuwelan, pethité amobat-mabit, nyabet yuyu datan kena.
25. Malah kena gagake mbengok anjerit, kéwan kalihira, tan bisa uwal sinapit, temah pegat jangganira.
26. Yuyu lega rumangsa wus males budi, mring wiku kang néndra, alon nyemplung tlağa malih, ninggal bangke gagak ula.



Padha dongèngé, beda dhapukané

## Yuyu Gagak Lan Ula

*Tembang: Walangkèkèk utawa kidungan céngkok Surabayan*

1. Ana wiku ambek rahayu, welas asih nyang sapa baé, dhemen tulung sapadha-padha, tanpa nganggo mbédak-bedakké.
2. Nadyan kéwan ja meneh janma, kang mbutuhke pitulungane, ditulungi sabisa-bisa, sepi pamrih ra na méliké.
3. Wiku mau manggon nèng gubug, gubug cilik pinggir tlagané, tapa mlaku saben dinané, munggah gunung mudhun jurangé.
4. Saben kali wis ditlusuri, sumber tuké lan sungapané, saben alas wis didiajahi, grumbul-grumbul lan bondhotané.
5. Kacarita sawiji dina, wiku ngambah pinggir rawané, rawa asat marga katiga, uwis suwé ra na udanné.
6. Nemu yuyu kasatan banyu, megap-megap cedhak ajalé, wiku welas yuyu dijupuk, dilebokké kanthong jubahé.
7. Wiku bali menyang gubugé, gubug cilik pinggir tlagané, yuyu énggal dicemplungaké, anèng tlaça cedhak gubugé.
8. Yuyu bali kekuwatané, saba tlaça akèh pangané, wiwit iku yuyu rumangsa, utang budi karo wikuné.
9. Kocap wiku pinuju saré, anèng gubug padhépokané, ana gagak ala wateké, péngin ngganyang daging wikuné.
10. Nduwé mitra ula kang gedhé, dhemen mangsa daging uwongé, gagak énggal nemoni ula, dikon nyakot wiku kang saré.

11. Yuyu, ngerti énggal marani, gagak ula njur dikandhani, pancèn nyata daging sang tapa, gurih nglenyer nyambleng rasané.
12. Liwat gurung banget nikmaté, ngleler angler anyegeraké, apa manèh yen gurung dawa, luwih suwé nggone ngrasakké.
13. Mula mula gagak lan ula, prayogane ngodod guluné, cik bèn suwe bisa ngenyami, rasa nikmat ra na padhané.
14. Yuyu saguh angododaké, yuyu ngaku ahli pijeté, gulu cendhak bisa ndawakké, gulu kendho bisa ngencengké.
15. Gagak lobha ula ya lobha, pengin suwé ngenyam nikmaté, ora nganggo aringa-ringa, gulu loro dianglungake.
16. Yuyu énggal tumandang gawé, sapit loro digunakaké. Gulu gagak néng sapit kiwa, gulu ula sapit tengenné.
17. Wiwitane mung lirih baé, ngarah-arah nlusur guluné, gagak ula ngrasa kepénak, liyer-liyer merem matané.
18. Saya suwe saya seruné, dumadakan digèt nyapité, gulu gagak lan gulu ula, temah pedhot saka gembungé.
19. Yuyu bungah rumangsa bisa, males budi karo wikuné, mbrangkang alon nyegur nèng rawa, ninggal bangké gagak ulané.



Penerbitan dan Percetakan  
PT Balai Pustaka (Persero)  
Jalan Bunga No. 8-8A  
Matraman, Jakarta Timur 13140  
Tel/Faks. (62-21) 858 33 69  
Website: <http://www.balaipustaka.co.id>